# Нобэ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№53 (24.803) • 2025 гъэм накъыгъэм (майм) и 1, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Зэкъуэтыныгъэр нэхъри дгъэбыдэкIэрэ...

## Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм и щIыхькIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкIэ!

А махуэшхуэр и дамыгъэщ бэм лэжьакIуэ цIыхум хэхауэ хуащI пщIэшхуэм, ди зэкъуэтыныгъэм, къэралымрэ жылагъуэмрэ едгъэфIэкIуэну дызэрыхуэщIэкъум. Къэбэрдей-Балъкъэрыр ирогушхуэ лэжьакIуэшхуэ зэчиифIэ куэдым, зи IэщIагъэм къызэрымыкIуэу хуэIэзэхэм. Абыхэм ягъэтIылъа, зытета хабзэфIхэрщ нобэрей ди ехъулIэныгъэхэм я лъабжьэ нэхъыщхьэр. Мы махуэшхуэм си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ ди щIыналъэм зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIхэм, республикэмрэ ди Хэкумрэ хьэлэлу къулыкъу яхуэзыщIэхэм. Щхьэхуэу захузогъазэ лэжьыгъэм и ветеранхэу зи Iэзагъэмкiэ, гъащIэм и пIалъэкIэ щIалэгъуалэм ядэгуашэхэм.

Шэч къытесхьэркъым, ди зэкъуэтыныгъэр нэхъри дгъэбыдэкIэрэ, дэ дызэгъусэу дыпэлъэщынущ сыт хуэдэ гугъуехьми икIи Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрыщыту Урысеймрэ ефIэкIуэныым хуэгъэпса къалэнхэр тхузэфIэгъэкIынущ.

Сынывохъуэхъу узыншагъэ бидэ, мамырыгъэ, насып, зэIузэпэщыгъэ фиIэну.





## ГуащIэрыпсэухэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIащ

**КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт.**

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ профсоюз зэгухьэныгъэм ехьэлIа къалэнхэм, апхуэдэуи республикэм и бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэхэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ адэкIи зэфIагъэкIынухэм, IэнатIэ пэрытхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжыным, мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхухэми.

Мы гъэм профсоюзхэм юбилей махуэ зыбжанэ ягъэлъэпIэнущ - Урысейм профсоюз зэщIэхъееныгъэхэр къызэрыщыунэхурэ илъэси 120-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэр илъэси 105-рэ, Урысейм и профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 35-рэ зэрырикъуухэр. ЛэжьакIуэбэм я махуэм теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр щекIуэкIынущ республикэм.

КIуэкIуэ Казбек Амщокъуэ ФатIимэти КъБР-м и профсоюз зэгухьэныгъэхэми махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ икIи республикэмрэ къэралымрэ я цIыхухэм яфI къызыхэкI лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр щаIэну зэригуапэр къыхигъэщащ.



# Iэнатlэщlэм ехъулlэныгъэ щиlэну

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхукlэ хуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкlэ и уполномоченнэ Бэдракъ Iэминэ.**

БЭДРАКЪ Iэминэ мэлыжьыхьым и пэм а къулыкъум теува къудейщ. Зэlущlахэр тепсэлъыхьащ сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, цIыхубэм я зыужьыныгъэм хуэунэтlа проектхэм, ахэр гъэзэщlа зэрыхъуну щIыкIэм. КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым зэlущlэм щытепсэлъыхьыжащ. Гульытэ щхьэхуэ хуащlащ я псэукlэкlэ щытыкlэ гугъум ихуа унагъуэхэм щыщ сабийхэм. Я гугъу ямыщlу къэнакъым дзэ Iуэху хэхам щыlэхэмрэ абы и ветеранхэмрэ я бынхэми.

Бэдракъ Iэминэ иджыри къэс щылэжьащ Налшык лэжьыгъэмрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ и центрым сабий унэншэхэмрэ ныбжьыщlэхэмрэ мыхъумыщlагъэм щыхъумэнымкlэ и къудамэм и унафэщlу. Щытыкlэ гугъум ихуа, узыфэ хьэлъэ къызэуз, адэ-анэ зыщхьэщымытыж сабий сымаджэхэм зэрызыщlагъэкъуа псапащlэ проект куэд ирагъэкlуэкlащ Iэминэ и жэрдэмкlэ. «Дяпэкlи апхуэдэхэр ядэтlыгъынущ», - етх республикэм и Iэтащхьэм.

КIуэкIуэ Казбек Бэдракъ Iэминэ хэлъ гудзакъэм, сабийхэмрэ жылагъуэмрэ папщlэ иригъэкlуэкl псапащlэ лэжьыгъэхэм щхьэкlэ фlыщlэ хуищlащ, ехъулlэныгъэ иlэу и Iэнатlэр ирихьэкlыну ехъуэхъуащ.

# Болэтей тхьэмадэхэр зи гъуазэ жылэ

**Хабзэ, псэукlэ, зэхэтыкlэ дахэ зыдэлъ жылэщ Терекскэ (Болэтей) къуажэр. Я нэхъыжьхэр я жьантlэдэсу ахэр зи гъуазэ щlэблэр жыджэру къохъу. Къуажэдэсхэм зыщагъэгупщэркъым жылэр зэфlэувэным, зэlузэпэщу, зыхуей хуэзэу псэуным псэемыблэжу зи гуащlэр хэзылъхьэхэр, нобэми абы хуэлажьэхэр.**

**Мы илъэсым щыщlэдзауэ, унафэщlхэм я жэрдэмкlэ, абы щагъэуващ «Болэтей къуажэм щlыхь зиlэ и цlыху» цlэ лъапlэр. Ар япэу зыхуагъэфэщахэм ящыщщ мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуа Хьэгъур Хьэдисрэ нэгъабэ зи илъэс 85-р зыгъэлъэпlа Пэщол Хьэмыщэрэ.**

ЩIЫПIЭ самоуправленэм и советым Щэнхабзэмкlэ унэм щригъэкlуэкlа зэхыхьэм хуабжьу щаlэтащ къуажэмрэ щыналъэмрэ егъэфlэкlуэным зи къару куэд тезыгъэкlуэда нэхъыжьитlыр. Ахэр жыджэру сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыхэтым,



● Щlыхь

зы махуи замыгъэпсэхуу я Iэнатlэр къызэрырахьэлlам, жылагъуэ Iуэхухэми щыпашэу зэрыщытым и щыхьэт нэсщ иджы кърата дамыгъэр.

- Хьэгъур Хьэдисрэ Пэщол Хьэмыщэрэ ящыщщ лэжьыгъэкlэ, lэзагъкlэ, жэуаплыныгъэкlэ зыхэтхэм къахэщу лажьэу зи гъащlэ гъуэгуанэр къэзыкlу лlы щыпкъэхэм. ЦIыхугъэ ин зыхэлъщ ди нэхъыжьыфlхэр, зэкъуэтыныгъэр, зэныбжьэгъугъэр, хэку цlыкlур ефlэкlуэным псом япэ изыгъэщщ. Абыхэм къызэранэкlа гъуэгу купщlафlэр ди щlэблэм я дежкlэ щапхъэщ, - жиlащ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьаний Заур.

Тхьэмадэхэм куэд ехъуэхъуащ а махуэм, щыналъэм щыlэ къулыкъущlапlэхэм я унафэщlхэми гульытэ хуащlащ, фlыщlэ, щlыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ.

Лэжьакlуэфlым и щапхъэу республикэ псом, уеблэмэ къэралым щыбгъэлъагъуэ хъуну гъащlэ гъуэгуанэщ Хьэгъур Хьэдисрэ Пэщол Хьэмыщэрэ зытетри, я гъуэгур кlыхь хъуну, узыншагъэ быдэ яlэну дохъуэхъу.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

● Хадэхэкlхэр

# «Шэджэм Агро»-м и бжьэпщхэр

**Къэралым щынэхъ инхэм ящыщ «ЭКО-культура» мэкъумэш-промышленнэ холдингым (АПХ) хыхьэу Шэджэм щlыналъэм щыlэ «Шэджэм Агро» хуабэщым и лэжьыгъэр нэхъыбэу хуэунэтlащ хамэ къэралхэм къращу щытахэр фlагъ лъагэ зиlэ я продукцэхэмкlэ зэхъуэкlыным.**

БЭДРЭЖАНРЭ нащэу къагъэкlым и бэвагъым хэхъуэн папщlэ, хуабэщхэм къыщагъэсэбэп Iэмалхэм къадэкlуэу къэкlыгъэхэр бжьэпщхэм ирагъэушэс икlи, «ЭКО-культура» АПХ-м и пресс-Iуэхущlапlэм зэрыщыжаlамкlэ, а Iуэхум иджы къыхашащ ди къэралым къыщагъэхъуа бжьэ лlэужьыгъуэхэр.

Европей зэгухьэныгъэм иджырей дэкъузэныгъэхэр къыдищlылlэн ипэкlэ бжьэпщхэр къращу щытащ Тыркум, Нидерландхэм, Израилым. Нобэкlэ, «Шэджэм Агро» хуабэщым къашэ Воронеж, Тамбов областхэм я фермэхэм къыщагъэхъуахэр. Апхуэдэу щlэхъуами щхьэусыгъуэхэр иlэщ. Япэрауэ, дыдейхэр я уасэкlэ нэхъ пудщ, ди республикэм ахэр къэпшэнуи нэхъ тыншщ, зэману теklуадэри нэхъ мащlэщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэжыр дыдейхэр зэрынэхъ «лэжьакlуэфlхэрщ». Абы ехьэлlауэ бжьэпщ лъэпкъыфlхэр, «лэжьакlуэжьхэр» къэгъэхъуныр Iэщlагъэлlхэм я нэlэ щlагъэт зэпытщ.

Хэзыщlыкlхэм зэрыжаlэмкlэ, бжьэпщхэр къыщагъэсэ-бэп хуабэщхэм къыщагъэкl хадэхэкlхэм я бэвагъыр ику иту процент 20 - 30-кlэ нэхъыбэ мэхъу, абы къыдэкlуэу, ахэр нэхъ Iэфlщ, я теплъэкlи нэхъ гуакlуэщ.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, «Шэджэм Агро» хуабэщым и япэ Iыхьэм лэжьэн щыщlидзар 2023 гъэрщ, щlыуэ гектар 37,6-рэ иджыпсту иlыгъщ икlи хадэхэкlыу тонн мин 20-м нэблагъэ зы илъэсым къыщрахьэлlэ, и продукцэхэми къэралым и щlыналъэ куэдым я сату щlыпlэхэм уащрохьэлlэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Щlыпlэр зэlузэпэщ ящl

**Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлlэу Налшык къалэ и «Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупlэхэмрэ я зэгухьэныгъэ» Iуэхущlапlэм Дэшхуей жыг хадэр зыхуей хуэгъэзэным теухуа лэжьыгъэхэр ирегъэкlуэкl.**

АБЫ хиубыдэ щlыналъэр ягъэкъабзэ, удзхэр къах. Iэщlагъэлlхэм уэздыгъэхэр зыфlэлъ пкъохэр ялэ, «Хэкум папщlэ зи гъащlэр зыта комсомолецхэм папщlэ» фэеплъым къекlуэкl бордюрхэм сэху тракlэ. Езы мемориалыр къагъэщlэрэщlэжащ. Апхуэдэу Афганистаным хэкlуэда зауэлl-интернационалистхэм я фэеплъым деж щыт тетlысхьэпlэхэр ялащ.

Щlыпlэр хуагъэхьэзыр Дэшхуей жыг хадэм «Фэеплъым и хадэ» акцэр зэрыщрагъэкlуэкlынум. Республикэм и прокуратурэм и лэжьакlуэхэм абдеж щыхасэнущ жыгыщlэхэр. Жыгхэр зрагъэтlысхьэну кумб цlыкlухэр ягъэхьэзыращ, мемориал пхъэбгъухэри ягъэуващ.




# Коллекционерхэм фрагъэблагъэ



**КъБР-м и коллекционерхэм я зэгухьэныгъэм Налшык щыпсэухэмрэ и хьэщlэхэмрэ ирегъэблагъэ илъэс зэхуэмыдэхэм къыдагъэкlа хьэпшып гъэщlэгъуэнхэм икlи гъуэтыгъуейхэм я гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкlэм.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ утыку къыщрахьэнущ ахъшэ зэмылlэужьыгъуэхэр, бгъэхэлу дамыгъэхэр, жыы хъуа машинкэхэр, хьэкъущыкъуэхэр, радиотехникэхэр, зэрыджэгу хьэпшыпхэр, нэгъуэщl куэди. Блэкlа зэманым фыхэплъэжынымкlэ щыlэ Iэмалыр зыlэщlэвмыгъэкl.

Зэlущlэр накъыгъэм и 1-м ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм («Спартак-Налшык» стадионым ухуэплъэу) щекlуэкlынущ. Коллекционерхэр къывэжьэнущ сыхьэти 8-м щегъэжьауэ 16 пщlондэ.

**КЪУЩХЬЭ Назар.**

● Къафэм и дунейпсо махуэм



# ЛIэщIыгъуэхэм къапхокI

**Къафэ гъуазджэр нэхъ пасэрей дыдэхэм ящыщу къалъытэ икIи ар илъэс къэс мэлыжьыхьым и 29-м ягъэлъапIэ.**

КЪАФЭМ и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу, Тэрч районым зэхыхьэшхуэ щекIуэкIащ. «ЛIэщIыгъуэхэм къыпхыкI къафэ» фIэщыгъэр зиIэ фестивалыр мыбдеж гъэ къэс къыщызэрагъэпэщ, районым щыIэ къэфакIуэ гупхэр зэхигъэплъэжу. Убых, лъапэрисэ, бгырыс, уэркъ, мэлыхъуэ къафэхэм щегъэжьауэ иджырейхэм щыщIэкIыжу щагъэлъэгъуа зэхыхьэм ныбжьыщIэхэм щахузэфIэкIащ ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ я теплъэгъуэхэмкIэ ди нэгу къыщIагъэувэн. 2025 гъэр ТекIуэныгъэ Иным и илъэсу зэрыщытым къыхэкIыу, зи къафэхэр совет цIыхубэм я лIыгъэр зэрыуахътыншэм, щIэблэ хэкупсэ къызэрытэджым тезыухуахэри яхэтащ. Апхуэдэт Плановскэ къуажэм дэт курыт школ 2-м и къэфакIуэ гупым игъэхьэзыра «Iущхьэ плъыжь», «ЗауэлIхэм я вальс» теплъэгъуэхэр, Терекскэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм екIуалIэ ныбжьыщIэхэм утыку кърахьа «Фэеплъыр дывгъэхьумэ» лэжьыгъэр, Тэрч къалэм Сабий творчествэмкIэ и центрым щызэхэт «Уличные ритмы» гупым «Хэку анэ» зыфIаща я къафэр, нэгъуэщIхэри. Псори зэхэту къафэ 25-м нэблагъэ ягъэхьэзырат.

Гуапагъэрэ хуабагъэрэ хэлъу екIуэкIа, лъэпкъ щэнхабзэр къэгъэщIэрэщIэжынымрэ ар къыдэкIуэтей щIэблэм егъэхъумэнымрэ хуэгъэза фестивалым къэпщытакIуэ гуп иIащ. Абы хэтащ: Тэрч щIыналъэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщI, районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм и тхьэмадэ КIэрэф Мурадин, Тэрч къалэм Сабий творчествэмкIэ и центрым и методист Белгъуш Джульетэ, Тэрч районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм и методикэ центрым и унафэщI Магреловэ Татьянэ, «Кабардинка» къэрал ансамблым и къэфакIуэ, Гъуэныбэ Астемыр къафэхэмкIэ и школым и гъэсакIуэ Гъуэныбэ Полинэ, Сатибал Казбек къафэхэмкIэ и школым и гъэсакIуэ Тут Залинэ сымэ.

Зэхыхьэм кърикIуар къыщызэщIакъуэжым, абыхэм жаIащ фестивалым хэта псоми нэгъэсауэ, гукъыдэжыр къызэщIаIэтэу зыкъызэрагъэлъэгъуар, икIи, увыпIэ хэхахэм япIэкIэ, дэтхэнэми, и унэтIыныгъэ елъытауэ, щIыхь тхылъ зэрыхуагъэфэщар.

«КъэфакIуэ ныбжьыщIэхэм, абыхэм я адэанэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ фIыщIэ фхудощI. Ди лъэпкъ щэнхабзэм и дахагъэр, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддэгъуэгурыкIуэ зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ нобэ зэгъусэу вгъэлъэгъуащ. ИкъукIэ лэжьыгъэшхуэ я пщэ дэлъщ гъэсакIуэхэм. Хэкур фIыуэ ялъагъуу, я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ящIэу щIалэгъуалэр къэгъэхъуным абыхэм хуащI хэлъхьэныгъэр уасэ зимыIэщ. Дэтхэнэми дынывохъуэхъу Къафэм и дунейпсо махуэмкIэ, Гъатхэмрэ лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкIэ, мыгувэу ТекIуэныгъэ Иныр зэрыдгъэлъэпIэнумкIэ! Ди лъахэр ефIэкIуэнырщ, мамырыгъэрщ ди плъапIэр», - жиIащ КIэрэф Мурадин.

КъэфакIуэ ныбжьыщIэхэм адэкIи ехъулIэныгъэ куэд яIэну ехъуэхъуу, зэхыхьэм къыщыпсэлъащ уэрэдымрэ къафэмкIэ «Джылахъстэней» цIыхубэ ансамблым и унафэщI, районым и гъэсакIуэ нэхъыжь дыдэ Шыдыгъу Хьэщауэ.

Апхуэдэ щIэблэ дахэрэ зэчиифIэрэ къэзыгъэхъу гъэсакIуэхэм дэри дохъуэхъу, зи ужь ит Iэщlагъэм и хъер ялъагъуну, ефIэкIуэну, узыншагъэ быдэ яIэну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Тамерлан Москва щагъэлъапIэ

**Ди къэралым и щыхьэр Москва дэт ТекIуэныгъэм и музейм иджыблагъэ зэIущIэ купщIафIэ къыщызэрагъэпэщащ. 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм хухахауэ зэрыщытымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумрэ къалъытэри, абы щагъэлъэпIащ ныбжьыщIэ гуп. Iуэхугъуэр жэрдэм ищIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и нэIэм щIэту лажьэ «Гу пщтыр» урысейпсо къэрал-жылагъуэ зэгухьэныгъэм (унафэщIыр Медведевэ Светланэщ). А жэрдэмыр и тегъэщIапIэу къэрал дамыгъэ лъапIэхэмкIэ ягъэпэжауэ аращ щытыкIэ къызэрымыкIуэ щихуэм, хахуагъэ къызыкъуэкIа, лей къызытехьэм дэIэпыкъуэгъу хуэхъуну хьэзыру къэува, псэ къабзэ зыIут лIыхъужь-ныбжьыщIэ гупым.**

ФЕДЕРАЦЭМКIЭ Советым ди къэралым щыщу апхуэдэ пщIэ лъагэ зылъигъэса ныбжьыщIэ 30-м, ди гуапэ зэрыхъущи, яхэхуащ ди республикэм щыщ адыгэ щIалэщIэ. Ар Аруан щIыналъэм хыхьэ Джэрмэншык жылэм дэт курыт школым и еджакIуэ Мэз Тамерланщ. Илъэс 12 зи ныбжь щIалэщIэр Москва щагъэлъэпIащ.

Утыкум ираша ныбжьыщIэхэм ящыщ дэтхэнэми зэрихьа лIыхъужьыгъэм теухуа хъыбар кIэщIхэри щыIуащ ТекIуэныгъэм и музейм. КъызэрыщIэкIымкIэ, нэгъабэ гъэмахуэм ныбжьыщIэхэр Прохладнэ щIыпIэм яшат, абдеж щыIэ зыгъэпсэхупIэм я нэгу зыщрагъэуужьыну. ЗызыгъэпскI щIалэ цIыкIу гупым зэуэ ямылъагъуж хъуащ я классэгъу Умар. Асыхьэтым псым зыщIигъэмбрыуащ есыным хуэIэкIуэлъакIуэ Тамерлан икIи абы щIилъэфа и ныбжьэгъум и Iэпкълъэпкъыр зэщIиубыдэри, псы Iуфэм къиxьэсыжащ. И ныбжьэгъум папщIэ гузавэу щхьэмыгъазэу псым зыхэзыдза Тамерлан къыкъуэкIа хахуагъэм и фIыгъэкIэ ажалым къыIэщIэха хъуащ цIыху гъащIэ.

Мэзым зэрихьа апхуэдэ лIыгъэмрэ и хахуагъэмрэ яIэту, абы хуагъэфэщащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым къыбгъэдэкI «Хэлъ лIыгъэм папщIэ» медалымрэ жэрдэмщIакIуэ жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкI «Гу пщтыр» бгъэхэIумрэ. Зэгухьэныгъэм и

● ЩIэблэ



пашэ Медведевэ Светланэ зэрыжиIамкIэ, къыхалъхьа пэхуэщIэм и фIыгъэкIэ ягъэпажэ Iуэхугъуэ къызэрымыкIуэхэм къыщыхэжаныкIахэр. Апхуэдэ ныбжьыщIэхэм ящыщщ ди лъахэгъу адыгэ щIалэщIэ Мэз Тамерлан. Къыхэдгъэщынщи, Москва щагъэлъэпIа а гупыр гъэмахуэм ирагъэблагъэ «Орлёнок» урысейпсо сабий центрым. Абыхэм папщIэ зыгъэпсэхугъуэ пIалъэ хэха яубзыхуащ, программэ щхьэхуэ иIэу.

Адыгэ щIалэ хахуэм хуэдэхэр дапщэщи щапхъэщ я классэгъухэм, ныбжьэгъухэм, ди щIыналъэм щыпсэу ныбжьыщIэхэм я дежкIэ. Апхуэдэщ Мэз Тамерлан. Афэрым, щIалэфI!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Мы махуэхэм

### Накъыгъэм и 1, *махуэку*

♦**Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ**

♦**1929 гъэм** Джылахъстэнейм псыщIэгъэлъадэр щаутIыпщащ.

♦**1941 гъэм** Налшык сабий стадион къыщызэIуахащ.

♦**1923 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэу, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlу 1969 - 1984 гъэхэм щыта **Къущхьэ КIыщыкъуэ**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Урыс Мухьэзир**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Адыгэ Республикэм и Президенту щыта **Щэумэн Хьэзрэт**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Владимир**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэхущ Заурбий**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ къэбэрдей тхакIуэ **Емкъуж Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

### Накъыгъэм и 2, *мэрем*

♦**1920 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ щэбэт щIыхьэху щекIуэкIащ.

♦**1934 гъэм** Налшык Пионерхэм я унэ къыщызэIуахащ.

♦**1922 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Урыс Хьэталий**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ «Ленин гъуэгу» (иджы - «Адыгэ псалъэ») газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **ТIажь Пётр**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м и Къэзыбж палатэм и япэ унафэщIу щыта **Къэрмокъуэ Хьэчим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

### Накъыгъэм и 3, *щэбэт*

♦**Печатыр зыми и унафэ щIэмытыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Дыгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1957 гъэм** КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ унафэ къащтащ колхозхэр совхозу зэхъуэкIыным теухуауэ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градус 11 щыхъунущ.

### Накъыгъэм и 4, тхьэмахуэ

♦**1959 гъэм** Налшык бжьамийкIэ газ къашэу щIадзащ.

♦**2010 гъэм** УФ-м и Президентым и УказкIэ Налшык къыфIащащ «Зауэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ художник, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Шемякин (Къардэн) Михаил**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **Щауэжь Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

### Накъыгъэм и 5, *блыщхьэ*

♦**Никъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэм щIэбэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**1920 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Мэсей Аслъэнджэрий**.

♦**1922 гъэм** къалъхуащ 1960 - 1975 гъэхэм КъБАССР-м и прокурору лэжьа, юстицэмкIэ къэрал чэнджэщакIуэу щыта, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, генерал-майор **Ансокъуэ Мухьэрбий**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Ленин гъуэгу» («Адыгэ псалъэ») газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкIэ щыта **Апажэ Назир**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къардэн Iэбубэ**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **Бахъсэн Хьэмэдэ**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, ЩIДАА-м и академикыу щыта, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Джырандокъуэ Верэ**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ Адыгейм и цIыхубэ сурэтыщI **ПэтIуащIэ Феликс**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЛIыс Мухьэмэд**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалмыкъ Кларэ**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Хьэмыку Жаннэ**.

♦**1967 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Мысост Вадим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Гъатхэм жеяр бжыхьэм мэгъыж.**



# Фэеплъыр хъумэныр ди къалэнщ

**ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща шу зекIуэ щекIуэкIащ Лашынкъей - ХьэтIохъущыкъуейм и «910-нэ лъагапIэ» гъуэгуанэм тету. Ар зи жэрдэмыр Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэрщ, Шэджэм район администрацэм къыдиIыгъыу. Iуэхум щIидзэн ипэкIэ пэкIу щекIуэкIащ Лашынкъей дыхьэпIэм щыт, зауэм хэкIуэда лIыхъужьхэм я фэеплъым деж.**

IУЭХУМ хэтащ Шэджэм район администрацэм и Iэтащхьэ Борсэ Юрэ, Урысей ФССП-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Бауаев Ахъмэтрэ абы и къуэдзэ Литовкэ Натальерэ, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Батурин Николай, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ Мамхэгъ Назир, УФССП-м и жылагъуэ советым щыщхэр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед, зауэхэм я ветеранхэр, СВО-м хэтхэр, «Юнармия», «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэхэм, нэгъуэщI жылагъуэ IэнатIэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

Литовкэ Наталье къызэхуэсахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ: - Ди тхыдэр хъумэныр пщIэ зыпылъ ди къалэнщ. Абы мы зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ, ди зауэлIхэр нацист щIэпхъаджагъэм пэщIэтщи. Мы махуэм Iэмал къыдитащ блэкIар дигу къэдгъэкIыжыным и мызакъуэу, абы и дерсхэр къытщIэхъуэ щIэблэм ягурыдгъэIуэнымкIэ.

КъБР-м щыIэ УФССП-м и жылагъуэ советым хэт Котляров Виктор къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм зауэ хьэлъэхэр зэрыщекIуэкIар икIи ди нэхъыжьхэм я фIыгъэкIэ ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэр зэрыдгъэлъапIэр.

ТекIуэныгъэм ди лъахэгъухэм хуащIа хэлъхьэныгъэр къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ ветеранхэм я «Дзэ зэкъуэшыныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и исполкомым и унафэщI Абэнокъуэ Владимир.

Шууейхэр зрикIуэну яубзыхуа гъуэгум техьащ, ахэр езыгъэжьахэр мемориал плитам деж щытепсэлъыхьащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэу Хэку зауэшхуэм хэтахэм зэрахьа лIыгъэм.

- Абыхэм я лIыхъужьыгъэр сыт щыгъуи ди гум илъынущ, ди тхыдэм къыхэнэнущ. Я лIыгъэм пщIэ худощI икIи я фэеплъыр щIэблэщIэхэм ящымыгъупщэным худоущий. НобэкIэ суд приставхэри хэтщ СВО-м икIи управленэм и гупым мазэ къэс тхуэзэфIэкIкIэ защIыдогъакъуэ абыхэм. Ди фIэщ мэхъу щIэуэ къэунэхужа фашизмэм дызэрытекIуэнур, ар къэблэгъэн папщIэ тхуэзэфIэкI псори тщIэнущ, - къыхигъэщащ Бауаев Ахъмэт.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэхэр Хэку зауэшхуэм и зэманым лIыгъэ яхэлъу бийм езэуащ, япэщIэтащ щIэпхъаджащIэхэм икIи жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ тылым лэжьыгъэ мытынш щрахьэкIащ. Ди къалэныр сыт щыгъуи ар ди гум илъынырщ, ди ветеранхэм яхуэфащэу дыщытынырщ, - жиIащ Мамхэгъ Назир.

Зауэ зэманым къэхъуахэм я пэжыпIэр, тхыдэр хъумэным иIэ мыхьэнэшхуэм тепсэлъыхьахэщ Батурин Николайрэ Борсэ Юрэрэ.

Шэджэм Ищхъэрэм и школакIуэхэр зауэм теухуауэ къызэджа усэхэм къызэхуэсахэр хишэжат илъэс пщIей ипэкIэ къэхъуа къэхъукъащIэхэм.

УФССП-м и Жылагъуэ советым хэт Котляровэ Марие тепсэлъыхьащ «910-нэ лъагапIэ», Шэджэм Ищхъэрэ щIыпIэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм. Абы хьэщIэ лъапIэхэм тыгъэ яхуищIащ «ЛIыхъужьыгъэм и щIыналъэ» тхылъыр.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымри, фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Махуэ псом лэжьащ губгъуэ пщэфIапIэр, сэлэт кашэхэр хуейхэм ирагъэшхыу. Шу зекIуэр зэриухам теухуа Iуэху дахэ щекIуэкIащ «Шагъдий» шы-спорт клубым. Абы хэтащ КъБР-м щыIэ УФССП-м и лэжьакIуэхэм я сабийхэм папщIэ къызэрагъэпэщ «Хрустальные звёздочки» зэпеуэм уэрэд жыIэнымкIэ зи зэфIэкI къэзыгъэлъэгъуахэр, клубым и шууейхэр

**УЭРДОКЪУЭ Жантинэ.**

# Гуапэт, гушыIэрейт, гущIэгъу зыхэлът...

● Дызэкъуэту

**Хьэщэ Артур Аруан къуажэм къыщалъхуащ 1983 гъэм. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, юрист IэщIагъэм хуеджащ, итIанэ пIалъэкIэ хэташ ОМОН-м.**



2014 ГЪЭМ Артур унагъуэ дахэ иухуащ. Къахэхъуащ хъыджэбз цIыкIурэ щIалэ цIыкIурэ. И унагъуэм хуэгумащIэт, щIэхъуэпсырт дунейр яригъэлъагъуну. Хъыджэбзыр игъафIэрт, щIалэм ткIийуэ зыкъыщигъэхъуну хэтт. Сабийхэм адэр я гъуазэт, я щапхъэт, я лIыхъужьт. Артур сыт щыгъуи жиIэу щытащ, пхъу иIэмэ, и щхьэцыр хуиухуэну зригъэсэну. Аращ зэрыхъуари, и хъыджэбз гъэфIэным и щхьэцыр хузэщIикъуэрт, хуиухуэнырт. Сабий фIыуэ илъагъурт, езыхэми зыхащIэ хуэдэт абы и псэм и хуабагъэр - къаухъуреихьырт цIыкIухэм. Абы къагурыIуэн, зыхащIэн бзэ щабэт зэрадэуэршэрыр.

И адэ-анэм, и Iыхьлыхэм жаIэж щыцIыкIум ар дырийпсырийуэ, «жьым тесу псым епыджу» зэрыщытар. Сабий садым кIуэн фIэфIтэкъым, и шыпхъухэм я гъусэу унэм щIэсмэ нэхъ къищтэрт. «Артур зэрану е дыхьэшхыу макъ къэмыIумэ, зыгуэр зэхищIыхьри зиущэхужауэ арат е къэлъыхъуэн хуейт», - игу къегъэкIыж и анэм.

Хьэблэ щIалэ цIыкIухэм ящIыгъуу мэзым кIуэхэрт мэракIуэ, дэ къахьыну. ИужькIэ жиIэжырт езыхэр здынэсу щыта щIыпIэхэм иджырей сабийхэр мыкIуэфыну. Абыхэм я сабиигъуэр зыхиубыда зэманкIэ зэхуэмыдэу жиIэрт.

Артур хуабжьу фIэфIт бдзэжьеящэ кIуэну. Сыхьэт бжыгъэкIэ къунтхыр иIыгъыу псы Iуфэм Iусыфынут. Бдзэжьей къимыубыд щхьэкIи игу ныкъуэтэкъым, ещэнрат фIэфIыр. КъиубыдаIамэ, Iэмал имыIэу езым ипщэфIынут. IэфIу пщафIэрти, жиIэрт я нэхъ унэгуащэ Iэзэми пщэфIэнкIэ пеуэфыну.

СВО-р къэхъеиным ипэ, Хьэщэ Артур ухуакIуэу лажьэрт. Езыр щIалэ Iэчлъэч-зэIэщIэлъти, гугъуехьхэми лэжьыгъэми щышынэртэкъым. ЩIалэр зыхэт лэжьакIуэ гупым фIыуэ къалъагъурт, «Артур къытхэмыту ди бригадэм ищIэн щымыIэ», - жаIэрт, лэжьапIэм щымыкIуа къэхъуамэ. ГушыIэрейт, ныбжьэгъу и куэдт, гупыр зыгъэгупт. И цIыху щIыкIэкIэ щабэт. ЦIыхухэм сэбэп яхуэхъуну фIэфIт, нэгъуэщIым и ехъулIэныгъэм щыгуфIыкIыфырт, и гунылъуэгъуэр зыхищIэрт.

2022 гъэм и мазаем Украинэм къыщыхъеящ дзэ Iуэху хэхар. 2023 гъэм и фокIадэм Артур СВО-м кIуащ. Куэд дэмыкIыу уIэгъэ хъури, и узыншагъэм кIэлъигъэплъыну къаутIыпщыжащ щIалэр. И узыншагъэр зэтеувэжри, игъэзэжащ. 2024 гъэм и пэщIэдзэм абы хэкIуэдащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



● Мэкъумэш

# Кавказ Ищхъэрэм бжьыпэр щиIыгъщ

**2024 гъэм Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм нартыхуу къыщрахьэлIэжам и куэдагъымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ увыпIэр иубыдащ. Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм зы гектарым хуэзэу центнер 66,5-рэ къытрахащ нэгъабэ икIи ику иту къэралым щыIэ бжыгъэхэм я Iыхьэ плIанэм щIигъукIэ ар нэхъыбэщ.**

АПХУЭДЭУ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, нартыхум елэжь IуэхущIапIэ ди щIыналъэм къыщызэIуахыну я мурадщ.

Мыдрейуэ, республикэм нэгъабэ къыщрахьэлIэжащ нартыхуу псори зэхэту тонн мин 881,7-рэ. Апхуэдэу щытми, нартхэм я шхыныгъуэ къэуатыр нэхъыбэу къыщыдэхъулIар 2021 гъэрщ. Абы щыхъуэ мэкъумэшыщIэхэм яхузэфIэкIащ нартыху жылапхъэу тонн мелуаным щIигъу кърахьэлIэжыну.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Сом меларди 6,8-рэ



**2025 гъэм и щIышылэм - мазаем Къэбэрдей-Балъкъэрым продукцэхэр къыщIэзыгъэкI и IуэхущIапIэхэм, абыхэм елэжь IэнатIэхэм я промышленнэ индексыр процентi 125,5-рэ хъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ.**

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу республикэм къыщыщIагъэкIауэ нэгъуэщI щIыпIэхэм продукцэу хурагъэшам, лэжьыгъэрэ Iуэхутхьэбзэу зэфIагъэкIам сом меларди 6,8-рэ къыпэкIуащ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм процентi 114,1-кIэ хуэкIуэу.

КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр Iэхъуэбэч Щамил зэрыжиIамкIэ, промышленность IэнатIэм къыпэщылъ къалэнхэр шэсыпIэ хуохъу абы и зыужьыныгъэм.

«ДызыхущIэкъун щыIэщ, иджыпсту нэхъыщхьэр ди лэжьыгъэр къэдмыгъэлъэхъшэнырщ, къытпэщылъ къалэнхэр дгъэзэщIэн папщIэ, щыIэ Iэмалхэр нэсу къэдгъэсэбэпынырщ. Ди къарур зэтхьэлIэн хуейр зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкIхэр IэнатIэм къыхэшэнымрэ ди лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымрэщ», - жиIащ министрым.

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ КъБР-м ПромышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту республикэм и продукцэу доллар мин 200 и уасэ хамэ къэралхэм хурагъэшащ. ЩIыр зэраубру техникэхэмрэ налкъут зыхэлъ Iэмэпсымэхэм хуэдэхэмрэ иращащ Узбекистаным, Тыркум, Куржым, Белоруссием. Абджым къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр хурагъэшащ Азербайджаным, Таджикистаным, Ермэлым, Куржым. Апхуэдэуи Азербайджаным ищэхуащ автомобиль транспортым и пкъыгъуэхэм щыщи.

**ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.**

ЗэIущIэхэр





# Ди щIыналъэм щыцIэрыIуэщ

**Мэлбахъуэ Тиморэ и цIэр зезыхьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэм иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ зэIущIэ щхьэпэ. Абы щагъэлъэпIащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, журналист цIэрыIуэ, филолог Iэзэ икIи тхыдэдж емызэш Джырандокъуэ Михаил Хьэмзэт и къуэр. Ар тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Мы махуэхэм илъэс 85-рэ ирикъуащ абы и ныбжьыр.**

КУПЩIАФIЭУ икIи гъэщIэгъуэну екIуэкIа зэхуэсыр къызэригъэпэщащ икIи къызыхуэтыншэу иригъэкIуэкIащ Лъэпкъ библиотекэм и лэжьакIуэ пажэхэм ящыщ Безыр Еленэ. ЗэIущIэм кърихьэлIахэм дихьэхыу щыгъуазэ зыхуащIащ Джырандокъуэ Михаил и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтми.

Республикэм и нэхъыжьыфIхэм ящыщ цIыху цIэрыIуэм хуэзэну, епсэлъылIэну, и махуэщIымкIэ ехъуэхъуну абы зыкърагъэхьэлIат куэдым. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Жыласэ Заурбэч, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Бжьахъуэ Ранетэ, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар щIэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Уэщро Рубен сымэ. Апхуэдэу Iуэхум жыджэру хэтащ къалащхьэм дэт курыт школхэм я егъэджакIуэхэу Къагъырмэс Анетэ, Громовэ Дианэ, класс нэхъыжьхэм я еджакIуэхэр, библиотекэм и лэжьакIуэхэр.

Зи цIэ къитIуахэр гуапэу тепсэлъыхьащ Джырандокъуэм и гъащIэ гъуэгуанэм, дэтхэнэми щIэщыгъуагъ гуэр утыкум ирихьэу, махуэшхуэр зейм гуапэу зыхуагъазэу, ехъуэхъуу.

- Джырандокъуэ Михаил бгъэдэлъ зэфIэкIышхуэмрэ щIэныгъэ куумкIэ, цIыхугъэ лъагэмрэ зэхэщIыкI инымкIэ ди щIыналъэм цIэрыIуэ щыхъуащ, адыгэ лъэпкъри къызыхэкIахэри зэрыгушхуэщ. Псом хуэдэжкъым Михаил республикэм и щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэу хуищIар. Ар ящыщщ дзыхь къыхуащI IэнатIэр езыгъэфIакIуэу пэрытахэм. Илъэс 30-м нэскIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Союзпечать»-м и тхьэмадэу лэжьащ Михаил. Апхуэдэуи «Печатым зегъэубгъун» союзпсо журналым и редколлегием илъэси 10-м нэскIэ хэтащ, - и псалъэм къыхигъэщащ Жыласэ Заурбэч. - Мыхьэнэшхуэ иIэщ мы Iуэхуми. Михаил журналист IэщIагъэм дригъэхьэхащ и унагъуэм исхэр. Абы и щхьэгъусэ Верэ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналистщ, и къуэри и къуэрылъхури УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Журналист унагъуэм и пашэм, ди щIыналъэм и нэхъыжьыфIхэм ящыщ Джырандокъуэ Михаил сохъуэхъу и махуэшхуэмкIэ, узыншэу куэдрэ псэуну си гуапэщ.

Жыласэ Заурбэч Iэгуауэшхуэм щIэту Джырандокъуэ Михаил иритащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъыр.

АдэкIэ утыкур хуит зыхуащIа Бжьахъуэ Ранетэ екIуу тепсэлъыхьащ Джырандокъуэм и творческэ гъуэгуанэм, абы и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэр газетеджэхэм дапщэщи щIэщыгъуэ зэращыхъур къыхигъэщу. Сыт хуэдэ зэмани ар жыджэру ядолажьэ ди республикэми нэгъуэщI щIыналъэхэми къыщыдэкI журнал, газет зэхуэмыдэхэм. АбыкIэ иIэ ехъулIэныгъэхэр къалъытэри, 1985 гъэм Джырандокъуэр хагъэхьауэ щытащ СССР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм.

Михаил теухуа псалъэ купщIафIэ куэд жиIащ Уэщро Рубен. ЩIэныгъэлIым къызэхуэсахэр щыгъуазэ хуищIащ Джырандокъуэм и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэм ди щIыналъэм и щэнхабзэ гъащIэм и тхыдэ гъуэгуанэмрэ и зэхэлъыкIэмрэ ятеухуауэ мымащIэ зэрахэтым. Мыхьэнэшхуэ иIэщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм 1921 - 1937 гъэхэм я щэнхабзэм зэрызиужьар» темэм трищIыхьа и къэхутэныгъэхэу 1977 гъэм утыку ирихьам. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и клубхэм щекIуэкI хэкупсэ гъэсэныгъэр», «Щэнхабзэмрэ щIэблэ гъэсэныгъэмрэ», «Щэнхабзэ IэнатIэхэм я къалэн нэхъыщхьэхэр», нэгъуэщI тхылъхэмрэ тхыгъэхэмрэ къыщыдэкIащ къэралым и щIыпIэ куэдым. Ахэр къытрадзащ Налшык, Москва, Омск, Дон Iуфэ Iус Ростов, Мэхъэчкъалэ, нэгъуэщIхэми къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм, газетхэм.

КъызыхэкIа лъэпкъым ехьэлIауэ Михаилрэ ипхъу Заремэрэ ирагъэкIуэкIауэ щыта къэхутэныгъэхэр къыщызэщIакъуэжа «Джырандокъуэхэ я лъэпкъ лIакъуэр» тхылъри хьэлэмэтщ икIи купщIафIэщ. А лэжьыгъэм папщIэ Джырандокъуэм 2008 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ ГеральдикэмкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и дамыгъэ лъапIэр.

Хэкупсэ нэсым и гъащIэ купщIафIэм, зэфIиха и лэжьыгъэфIхэм къэрал, жылагъуэ гулъытэ лъагэ ягъуэтащ. Абы къыхуагъэфэщащ къэралпсо, республикэпсо мыхьэнэ зиIэ цIэхэр, кърадащ ди республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр, ЩIДАА-м, Урысейм и журналистхэм я зэгухьэныгъэм, Дунейпсо Арткомитетым, нэгъуэщI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми къабгъэдэкI дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Джырандокъуэм тхыдэ щIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къыщалъытащ ди щIыналъэми нэгъуэщI щIыпIэхэми я еджагъэшхуэхэм. «Принт-Центр» тедзапIэм къыщыдэкIащ Михаил теухуа тхылъ щхьэхуэ. КъБР-м щIыхь зиIэ журналист Газаровэ Иннэ а лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуащ абы и гъащIэм щыщ Iыхьэхэр, журналистым и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэри ихуащ.

А псоми и гугъу щащIащ библиотекэм. Къинэмыщiауэ, Джырандокъуэр епсэлъылIащ зэIущIэм кърихьэлIа ныбжьыщIэхэм. Абыхэм яфIэхьэлэмэтт щIыналъэм щыцIэрыIуэ нэхъыжьыфIым и гъащIэм ехьэлIа Iуэхугъуэ куэд.

**КЪАРДЭН Маритэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Нэхъыжь махуэ!

**Ди газетым и щIэджыкIакIуэхэм яхэтщ адыгэбзэр игъэшэрыуэ къудей мыхъуу, тхыгъэ гуэрхэр анэдэлъхубзэкIэ зыгъэпс. «Адыгэ псалъэ» газетым и ныбжьэгъу пэжхэм ящыщ Мэкъей Умарбий Iэ зытридзэ къыдэкIыгъуэхэм езым нэхъыфIу илъагъу напэкIуэцIхэр къыхегъэщхьэхукI, ахэр щIеджыкI, топсэлъыхьыж.**

МЭКЪЕЙ Умарбий Старэ Лэскэн (иджы Анзорей) къуажэм къыщалъхуащ, къыщыхъуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, шофёру еджащ. ИужькIэ нэгъуэщI щIэныгъи зэригъэгъуэтащ, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм щылэжьащ.

Иджыблагъэ и илъэс 65-р игъэлъэпIащ Умарбий. Мы зэманым ар Налшык дэсщ, пенсэм кIуауэ. Щалъхуа къуажэр фIыуэ елъагъу, абы къикI хъыбарыфIхэм щогуфIыкI. Езыри куэдрэ дэIэпыкъуащ колхозми къуажэ сымаджэщми.

Умарбий анэдэлъхубзэкIэ тха усэхэм дехьэх, езыми усэ етх. Ныбжьэгъухэм, унагъуэм, Iыхьлыхэм усэбзэкIэ захуегъазэ. Тотхыхь дыкъэзыухъуреихь дунейм, щIыуэпсым. И усыгъэм теухуауэ гъэщIэгъуэну гу лъыттащ мыбы: фIэфIщ къикIуа гъащIэ гъуэгум ириплъэжу, абы илъэс бжыгъэ щхьэхуэхэр къахигъэщхьэхукIыну. Ар хуэусащ, псалъэм папщIэ, илъэс тIощIми блыщIми. Илъэс тIощI ныбжьым щытепсэлъыхькIэ гукъэкIыжым хыхьэжрэ щIалэгъуэм деж лъагъунлъагъу кIуэжмэ, илъэс блыщIым щытетхыхькIэ, игурэ ищхьэрэ зэтелъу абы зэрыхуэкIуэр, зэрыхуэхьэзырыр къегъэлъагъуэ. Мэкъей Умарбий и зы усэ ятриухуащ. Анзорей дэт курыт еджапIэр 1977 гъэм къэзыухахэм:

**Нэвгъэзэжыт илъэс тIощIым,**
**Фынихьэжыт Лэскэн губгъуэм,**
**Гъатхэщ. Псори мэщIэращIэ,**
**ЗэщIогъагъэ ди мэзышхуэр.**
**Илъэс тIощI:**
**Хэт мэлажьэ, хэти йоджэ,**
**Хэти армэм къикIыжащ.**



**Илъэс тIощI, илъэс тIощI,**
**«Лъагъуэ захуэм фытемыкIмэ,**
**Фытехьэнкъэ фэ гъуэгу махуэ!» -**
**ЖыпIэу псори дебгъэжьати,**
**Сыту гъуэгу кIыхь дэ къэткIуа!**
**Гъуэгур кIыхьми, дезэшакъым.**
**Ди щхьэр лъагэу дэ тIэтауэ,**
**Жьыщхьэмахуэу дыныпхуокIуэ.**
**Гъэхьэзырыт фIыгъуэу щыIэр!**
**Дэ уи деж дыщыхьэщIэнущ!**

*Зыгъэхьэзырар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

# Процент тIощIым нэблагъэкIэ нэхъыбэ

**Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, 2025 гъэм и щIышылэм - мазаем Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ индексыр абы ипэ ита илъэсым и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 19,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи КИФЩI-м и щIыналъэхэм я деж ар щынэхъ лъагэщ. Къэрал псор къэдгъэлъагъуэу щытмэ, ещанэ увыпIэр рейтингым щиIыгъщ ди республикэм.**

КъБР-м и экономикэм и IэнатIэхэм я промышленнэ индексхэр щхьэхуэу къатщтэмэ, мыпхуэдиз мэхъу: щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ - процент 77,3-рэ, продукцэхэр къыщIэзыгъэкIхэм, абыхэм елэжь IэнатIэхэм - проценти 125,6-рэ, электрокъарукIэ, газкIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ IэнатIэхэм - процент 97,2-рэ, псы яхуэзыутIыпщхэм, къагъэсэбэпар Iузышхэм, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэзыкъуэхэм, уэрамхэр, пщIантIэхэр зэлъыIузыххэм - проценти 105,5-рэ.

Продукцэхэр къыщIэзыгъэкI, абыхэм елэжь IэнатIэхэм ящыщу, нэгъабэ и щIышылэм - мазаем щыIа бжыгъэхэм елъытауэ, хэхъуэ къагъэлъэгъуащ псыхэкIым (проценти 182,8-рэ), фэмрэ фэхэкIхэмрэ (проценти 169,3-рэ), химие пкъыгъуэхэмрэ химие продукцэхэмрэ (проценти 170,4-рэ) елэжьхэм, унэлъащIэхэр къыщIэзыгъэкIхэм (проценти 156,2-рэ), машинэхэмрэ обрудованэхэмрэ зэзыгъэпэщыжхэмрэ ахэр зыгъэувхэмрэ (процент 204,2-рэ).

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщI, къапщытэж пIалъэм кърикубыдэу, промышленнэ индексымкIэ хэхъуэхэр къагъэлъэгъуащ Кавказ Ищхъэрэм хыхьэу Ингушым (проценти 7,3-рэ), Шэшэным (проценти 5,7-рэ), Ставрополь крайм (процент 1,5-рэ).

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**





# Зауэмрэ мамырыгъэмрэ траухуэ

**Сурэтыщӏ Гъуазджэхэмкӏэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цӏэр зезыхьэм, щагъэлъагъуэ «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ» зыфӏаща выставкэр. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м щӏыхь зиӏэ и сурэтыщӏ, республикэм и Сурэтыщӏхэм я зэгухьэныгъэр къызэзыгъэпэща, Хэку зауэшхуэм хэта Сындыку Тобий (Анатолэ) къызэралъхурэ - илъэси 100, Хэку зауэшхуэм Текӏуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъумрэ я щӏыхькӏэ. Ӏуэхур я жэрдэмщ КъБР-м Щэнхабзэмкӏэ и министерствэм, Сурэтыщӏ гъуазджэхэмкӏэ музейм, КъБР-м и Сурэтыщӏхэм я зэгухьэныгъэм.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хагъэхьащ Сындыку Анатолэ къыщӏэна лэжьыгъэхэм ящыщу музеймрэ и унагъуэмрэ щахъумэм къыхахахэр. Абыхэм сурэтыщӏым къыщигъэлъэгъуэжащ Хэку зауэшхуэ зэманым и нэгу щӏэкӏа, къэралым къыщыхъуа гузэвэгъуэхэр, зауэ нэужь зэманым дунейр мамыр зэрыхъужар, щӏыналъэхэр зэрызэфӏагъэувэжар. Ягъэлъагъуэ лэжьыгъэхэм ящыщу нэхъыбэу нэм къыӏуедзэ сэлэтхэмрэ шыхэмрэ къызэрыщхэр. Цӏыхум и гугъуехьыр дэзыгуэш шыхэм я фэеплъ зыбжанэ къытхуигъэнащ сурэтыщӏым.

Мексикэм щыщыӏам илъэгъуахэм теухуауэ ищӏа сурэтхэри гъэщӏэгъуэнщ, ар икӏи гурыӏуэгъуэщ. Зэрыжаӏэмкӏэ, Тобий фӏыуэ илъагъуу щытащ а къэралыр.

Тхыдэр, блэкӏар къызыхэщ мы лэжьыгъэхэр удэзыхьэхщ, плъыфэбэщ. Псом хуэмыдэжу гум нэхъ пэгъунэгъущ, хуабагъ къапкърокӏ нарт Ӏуэрыӏуатэр зи лъабжьэ и лэжьыгъэхэм. Абыхэм лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу къищ лӏыхъужь уардэхэм уеплъыну гухэхъуэщ.

КъБР-м щэнхабзэмкӏэ и министр Къумахуэ Мухьэдин къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Тобий зэчиишхуэ иӏэу, сурэтыщӏ Ӏэзэу зэрыщытар, абы къыщӏэна, тхыдэр къыщыгъэлъэгъуэжа лэжьыгъэхэр республикэм и хъугъуэфӏыгъуэхэм зэращыщыр. Къумахуэм Сындыку Нелли фӏыщӏэ хуищӏащ и щхьэгъусэм и фэеплъыр, и лэжьыгъэ купщӏафӏэхэр зэрихъумэм папщӏэ.

КъБР-м и Сурэтыщӏхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкӏэ лэжьа Сындыку Нелли зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ Тобий и гъащӏэмрэ и гуащӏэмрэ:

- Сындыку Тобий (1925 - 1989) Лэскэн Етӏуанэ къуажэм къыщалъхуащ. Москва и художественнэ школым, Репин Илья и цӏэр зезыхьэу Санкт Петербург Художествэхэмкӏэ и академием щеджащ. Сурэтыщӏыр 1942 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэм хэтащ, Прибалтикэм, Украинэм, нэгъуэщӏ щӏыпӏэхэм щызэуащ. Зэрихьа хахуагъэмрэ лӏыгъэмрэ папщӏэ Тобий дамыгъэ зыбжанэ («Кавказыр щхьэхуит къэзыщӏыжахэм зэрахэтам папщӏэ», «Германием зэрыщытекӏуам папщӏэ», «Советыдзэмрэ флотымрэ илъэс 80 зэрырикъум папщӏэ» медалхэр къыхуагъэфэщащ. Абы и лэжьыгъэхэм ящыщ куэдыр триухуащ граждан зауэм, революцэм, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьам, зи курыкупсэм хэта Хэку зауэшхуэм, и лъэпкъыр зыхэхуа нэгъуэщӏ гузэвэгъуэхэм, Кавказым и тхыдэм, и нобэм, и лъахэм щыпсэу цӏыхухэм. И лэжьыгъэхэр мызэмытӏэу хагъэхьащ республикэ, урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм. И щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэхэр зыбжанэрэ щӏыналъэ зэмылӏэужьыгъуэхэм къыщызэригъэпэщащ. Анатолэ и сурэт гъэщӏэгъуэнхэр илъэс 40-м щӏигъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, гъунэгъу республикэхэм, Урысейм щекӏуэкӏ выставкэхэм щагъэлъагъуэ. И сурэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм и къалэхэм, хамэ къэралхэм щахъумэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфӏ хуэзыщӏа Сындыку Нелли Украинэм и Радзивиов къалэм къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм зи сабиигъуэр хиубыда дэтхэнэми хуэдэу, Нелли и гъащӏэр, зэрыгурыӏуэгъуэщи, тыншу къекӏуэкӏакъым. Илъэс 16 щыхъум, Нелли Бродовскэ педучилищэм и студент хъуащ. Ар икӏи комсомол райкомым и лэжьакӏуэти, сыткӏи щапхъэу щытыным хущӏэкъурт. Сындыку Анатолэ Украинэм къулыкъу щыщищӏэ зэманым къицӏыхуащ икӏи 1952 гъэм щхьэгъусэ хуэхъуащ Нелли. Ар езыри художникти, Нелли и Ӏуэхур абы сыткӏи диӏыгъащ. Зэщхьэгъусэхэр Ленинград кӏуэри, зы институт щӏэтӏысхьащ. Анатолэ - живописымкӏэ, скульптурэмрэ архитектурэмкӏэ, Нелли - искусствоведенэмкӏэ факультетхэм щеджащ. Нелли Ткаченкэ Андрей цӏэр зезыхьэ сурэтыщӏ гъуазджэхэмкӏэ музейм илъэс зыбжанэкӏэ щылэжьащ.

- Украинэм сыкъыщалъхуами, фӏыуэ слъагъу КъэбэрдейБалъкъэрыр хэку зэрысхуэхъуам зы мащӏэкӏи сыхущӏегъуэжыркъым! Гуфӏэгъуи гузэвэгъуи зыдэсшэча Анатолэ пасэу, 1989 гъэм дунейм ехыжащ, и къуэрылъхухэр илъэситӏ ныбжьым иту. Ар нобэр къыздэсым дигу ихуркъым, и щӏэинхэр зэрытхъумэным сыхуосакъ, - жиӏащ Сындыку Нелли.

КъБР-м Цӏыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкӏэ уполномоченнэ Зумакулов Борис гуапэу тепсэлъыхьащ Анатолэ и ныбжьэгъуфӏу зэрыщытам, Неллирэ абырэ я унагъуэр щапхъэу къызэрилъытэм, къэралым и цӏыху щэджащэхэр, щӏэиныфӏ къэзыгъэнахэр зыгъэлъапӏэхэм фӏыщӏэ зэрахуэфащэм, Хэку зауэшхуэм лӏыхъужьу хэта, республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэфӏ хуэзыщӏа Анатолэ абыхэм зэращыщыр, ар къэзыцӏыхуу щытахэм, и благъэхэмрэ Ӏыхьлыхэмрэ зэращымыгъупщэр жиӏащ Борис

Тхакӏуэ, тхылъ тедзапӏэм и унафэщӏ, Сындыку Анатолэ къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлӏэу и лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса сурэтылъэ къыдэзыгъэкӏа Котляров Виктор къытеувыӏащ Хэку зауэшхуэм Текӏуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 щрикъум нэгъуэщӏ нэкӏэ узэреплъым тхыдэр зи лъабжьэу Сындыкум ищӏа лэжьыгъэхэм.

- Сындыку Анатолэ 1942 гъэм, и ныбжьыр илъэс 17 хъууэ, Хэку зауэшхуэм кӏуащ икӏи зауэр иухыху сапёру хэтащ. Ди къэралри Европэри зэпиупщӏри, 1945 гъэм Текӏуэныгъэ Иным Пруссием щыӏущӏащ, 1946 - 1950 гъэ пщӏондэ МВД-м къулыкъу щищӏащ, Хэкур зэфӏэгъэувэжынми хэлъхьэныгъэ хуищӏащ, - жиӏащ КъБР-м и цӏыхубэ художник Бгъэжьнокъуэ Заурбэч. - Сындыку Анатолэ республикэм и сурэтыщӏ нэхъ Ӏэзэхэм ящыщщ. Къыщӏэна лэжьыгъэ купщӏафӏэхэр республикэм и щэнхабзэм и фӏыпӏэ хъуащ. Абы и гъэсэнхэм ящыщщ УФ-м щӏыхь зиӏэ и сурэтыщӏ, КъБР-м и цӏыхубэ художник, Художествэхэмкӏэ Урысей Академием хэт Сэвкӏуий Хьэмид.

КъБР-м и Сурэтыщӏхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщӏ Къаныкъуэ Жаннэ Сэвкӏуий Хьэмид къыбгъэдэкӏыу и егъэджакӏуэ Сындыку Анатолэ къыхуигъэхьа фӏыщӏэ тхылъыр (фэеплъу) Сындыку Нелли иритыжащ. Санкт-Петербург Художествэхэмкӏэ и академием, Репин Илья и цӏэр зезыхьэм, и унафэщӏ Михайловский Семён къигъэхьа тхыгъэми къахуеджащ Къаныкъуэр.

УФ-м Гъуазджэхэмкӏэ щӏыхь зиӏэ и лэжьакӏуэ, КъБР-м и цӏыхубэ артист, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщӏ Хьэӏупэ Джэбрэӏил зауэм теухуа сурэтхэм Сындыкум и псэр, и гурыгъу-гурыщӏэхэр зэрыхэплъагъуэр жиӏащ. Абы фӏыщӏэ яхуищӏащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлӏахэмрэ.

Сындыку Тобий ныбжьэгъуфӏу, цӏыху гуапэу, ар зи нэӏуасэхэр, къэзыцӏыхухэр и зэфӏэкӏхэм иригушхуэу, зи Ӏэщӏагъэм хуэӏэижь художнику зэрыщытар, КъБР-м и Сурэтыщӏхэм я зэгухьэныгъэр Ваннах Михаилрэ Крымшамхалов Хьэмзэтрэ я гъусэу къызэрызэригъэпэщар къыхагъэщащ къэпсэлъахэм.

Мэлбахъуэ Тимборэ и цӏэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм и къудамэм украинхэм я «Днипро» лъэпкъ щэнхабзэ центрым я унафэщӏ Харенкэ Светланэ гъэлъэгъуэныгъэм къыщыпсэлъащ икӏи Сындыку Нелли иритыжащ Хэку зауэшхуэм теухуа усэ къеджэнымкӏэ Тэтэрстаным щекӏуэкӏа фестиваль-зэпеуэм япэ увыпӏэр къызэрыщихьам щыхьэт техъуэ щӏыхь тхылъыр.

Налшык къалэм и Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщӏ Абдуллаев Мустэфа жиӏащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм ящыщу республикэм къинэжар зэрымащӏэ дыдэр икӏи къызэхуэсахэм захуигъэзащ абыхэм я цӏэр, зэрахьа лӏыгъэр зыщамыгъэгъупщэну.

Сындыкухэ я лъэпкъым къыбгъэдэкӏыу - Аслъэнбэч, Анатолэрэ Неллирэ я къуэрылъхухэу - Алтайм къикӏа Екатеринэрэ Татьянэрэ - Анатолэ и гъащӏэмрэ гуащӏэмрэ зэрыригушхуэр къыхагъэщащ, зэхыхьэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы къэрихьэлӏахэмрэ фӏыщӏэ хуащӏащ.

Зэӏущӏэр ягъэдэхащ «Укулеле - Нальчик» клубым и ансамблым и артистхэм (художественнэ унафэщӏыр Меркуловэ Викториещ).

Сындыкум и лэжьыгъэхэр накъыгъэм и кӏэ пщӏондэ ягъэлъэгъуэнущ.

**ТЕКӀУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Егъэджакӏуэ гуащӏафӏэ

**«Адыгэ псалъэр» цӏыхубэм я газету зэрыщытыр уи фӏэщ зыщӏ Ӏуэхугъуэхэм язщ фӏыуэ ялъагъу я нэхъыжьхэр адрейхэм кърагъэцӏыхуным хуэпӏащӏэу, редакцэм щӏалэгъуалэр къызэрекӏуалӏэр.**

Налшык щыпсэу, Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей) къуажэм щыщ Ахъсорэ (Унэж) Марят «Адыгэ псалъэм» и щыпэ къакӏуэкъым. Нобэ ар къыщӏытхуеблэгъар и адэ къуэш Унэж Аркадий Хьэмыщэ и къуэм и гугъу къытхуищӏын папщӏэщ. Мы гъэм илъэс 75-рэ ирикъуа нэхъыжьыфӏым Тэрч районым и щӏыпӏэ администрацэм щӏэныгъэмкӏэ и управленэм къыбгъэдэкӏыу Фӏыщӏэ тхылърэ Щӏыхь тхылърэ къыхуагъэфэщащ.

«Мы махуэ лъапӏэм ирихьэлӏэу фӏыщӏэшхуэ пхудощӏ егъэджэныгъэм илъэс куэд зэрытебгъэкӏуэдам папщӏэ, - дыкъыщоджэ хъуэхъум. - Жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Ӏэнатӏэр епхьэкӏыху, Ӏущагърэ тэмакъкӏыхьагъррэ пхэлъу, уэ къыптехуэ къалэн псори нэгъэсауэ бгъэзэщӏащ. Узэрыцӏыху гущабэр, Ӏэщӏагъэм фӏыуэ зэрыхэпщӏыкӏыр, цӏыхухэр къызэрыпщыгугъыр Ӏэпэдэгъэлэл умыщӏрэ узэпӏэзэрыту, узыхуеӏэм уи Ӏэр теӏэбэу узэрылэжьар нобэ Ӏэщӏагъэм пэрыт егъэджакӏуэ щӏалэхэм я дежкӏэ щапхъэ дахэщ. Узыншагъэ быдэрэ ехъулӏэныгъэрэ уиӏэу, гъащӏэр ебгъэфӏэкӏуэным къарурэ гукъыдэжрэ хуэбгъэт зэпыту илъэс куэдкӏэ упсэуну гурэ псэкӏэ дынохъуэхъу».

Узэрыцӏыкӏурэ плъагъу цӏыхур лъэпкъыр лъэпкъ зыщӏыжхэм зэращыщыр къыщыбгурыӏуэр уэ езыр балигъ ухъуа нэужьщ. А гурыщӏэрщ Маряти къезышэжьар. «Университетыр иджыри къимыухауэ, къуажэм практикэ къагъэкӏуэжауэ лэжьэн щӏидзауэ щытащ си адэ къуэшым, - пещэ абы и хъыбарым. - Алгебрэмрэ геометриемрэ иригъэджу, Къаншыуей дэт курыт школым илъэс 35-кӏэ щылэжьащ, и еджакӏуэхэм я бынхэри къащӏэхъуэжа нэгъунэ иригъэджащ, сыт щыгъуи сабийхэм фӏы дыдэу къалъагъуу. Иджыпсту тӏысыжауэ, нэхъыжь къалэнхэр егъэзащӏэ, къуэрылъху-пхъурылъхухэм и нэӏэ ятригъэтщ. Куэд щӏакъым ди адэ къуэшым и быным и быным и быныж зэригъуэтрэ, узыншэу Тхьэм илъэс куэдкӏэ псоми къытщхьэщигъэт, дыхуэарэзыщ».

Цӏыху зэчиифӏэр зэи Ӏуэхуншэ хъуркъым. Марят зэрыжиӏэмкӏэ, Аркадий жьыми щӏэми ядекӏуу, цӏыхухэм нэшхуэгушхуэу зэрахэтым нэмыщӏ, къэкӏыгъэхэм елӏэлӏэным дихьэхауэ, хадэхэкӏ зэмылӏэужьыгъуэхэр, жыг лъэпкъыщӏэхэр къигъэкӏыу апхуэдэщ. Гъуэгуанэ кӏыхь къэпкӏуа нэужь, псом нэхърэ нэхъ лъапӏэр уи напэр къабзэу узэплъэкӏыжынращи, Унэж Аркадий а насыпымкӏэ Алыхьыр къызэрыхуэупсам и щыхьэтщ нэхъыщӏэхэм къыхуащӏ пщӏэмрэ езым бгъэдэлъ Ӏулыджымрэ.



**ЧЭРИМ Марианнэ.**




## Дзасэкlэ гъэжьа лы

● Шхыныгъуэ

ЛыпцIэр зэпаупщI г 35 - 40 хъууэ. Адыгэ бжьын плъыжь цIыкIур яукъэбз, лыри бжьынри псы щIыIэкIэ ятхьэщIри дзэху тепщэчым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хаудэри фIыуэ зэIащIэж. И щхьэр тепIауэ щIыIапIэм деж щагъэт дакъикъэ 15 - 20-кIэ. ИтIанэ лы тыкъыр цIыкIухэри бжьынри хъыдан гъущэкIэ ялъэщI. Щагъэжьэнум и деж япэ щIыкIэ дзасэм лы тыкъыр фIалъхьэ, итIанэ бжьын псо, апхуэдэурэ дзасэм фIэз ящI, и кIэ дыдэм фIэлъын хуейр лы тыкъырщ. Пхъэ мафIэ дэпкIэ, дзасэр ягъэкIэрахъуэурэ, ягъажьэ, лыр хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъухукIэ. Дзасэм къыфIалъэфри пщтыру тепщэчым иралъхьэ. Дашх пIастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ. Шэ хуабэ трафыхьыж. Сэбэпышхуэ яхуохъу псчэрейхэм, Iупс бзаджэ зиIэхэм, щIыIэ зыхыхьахэм.



*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* мэлылу - г 250-рэ, адыгэ бжьын плъыжь цIыкIуу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● Псалъэжьхэр

## Зауэм хэту джатэ хьэху яткъым

♦Блэжьын бгъуэтмэ, пшхыни бгъуэтынщ.
♦Дыщэр дыщэ зыщIыр пщIэнтIэпсщ.
♦Гугъу уехьу къэблэжьыр Iэфlщ.
♦Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.
♦Къуажэ зиIэ нэхърэ Iэ зыфIэт.
♦Мыдэф и Iуданэ кIыхьщ.
♦ЖьэрыIэзэ Iэпэзадэ.
♦ПщIэнтIэпс пщIэншэ хъуркъым.
♦Iуэхуншэ псэлъэрейщ.
♦Зи Iуэ былым из нэхърэ, зи щхьэ акъыл ит.
♦Ибэр бэшэчщ.
♦Изрэ ныкъуэрэ зэрыщIэркъым.
♦Дунейр къэкIухьи, уи унэ ихьэж.
♦Дыщэ унэ нэхърэ - уи унэжь.
♦Зауэм хэту джатэ хьэху яткъым.
♦Уи адэ и щIыпIэ гъэдахэ, уи анэ дахэу епсалъэ.
♦Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ, си хэкужь сыщылIэ.
♦Хьэрэ пэт и къуажэр ибгынэркъым.

● Теплъэгъуэ



Жыг хадэр накъыгъэм.

● ЖыIэгъуэхэр

## Лъагъуныгъэм и къарур

ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъыр ищIэр мащIэу къыщыхъужу сытым дежи еджэрщ.

* * *

Зыгуэрым пэжу гу лъитащ: псори куэдрэ псэуну хуейщ, ауэ жьы хъуну зыри хуейкъым.

* * *

ЦIыхум и хьэлыр аращ, арэзы къыдэхъуращ гулъытэ нэхъыбэ зыхуищIыр.

* * *

Псом нэхърэ унэхъ Iущу закъыфIэбгъэщIыныр къызыхэкIыр акъылыншагъэрщ. Губзыгъэр сытым дежи зэпIэзэрытщ.

* * *

Зыгуэрым ущыхуэныкъуэм хуэдэ дыдэу фIыкъым зыгуэр къьобэкIыу уиIэнри. Абы и уасэр мэкIуэд, ар нэхъ Iуэхуфl дыдэу щытми.

* * *

Дэтхэнэми къыфIощI езым хуэдэу фIыуэ зылъагъу щымыIэу. Аращ лъагъуныгъэм къару хуэхъужри.

* * *

Нэгъуэщlым щхьэкIэ жыпIэм хуэдэ дыдэщ уэри къыпхужаIэр.

**ХЪУРЕЙ Феликс.**

● Хъыбар кIэщI

## ЩIыхуэ

УлIэнуми, Данил ахъшэ щIыхуэ къуитынутэкъым, езыми пIихынутэкъым. Абы щымыгъуазэ гуэр ахъшэ щIыхуэ щхьэкIэ Данил елъэIуащ.

- Уэлэхьэ, тIу, - жиIащ Данил, - сэ ахъшэ гъэтIылъа тIэкIуи сиIэмэ... ахъшэри унэм щIэлъмэ,.. хьэзырыбзэу пхъуантэм дэлъмэ,.. пхъуантэм и Iункlыбзэри си жыпым илъмэ,.. ауэ уи жагъуэ умыщI: уэстыфынукъым. Си IэкIэ щIыхуэ стыуэ си лъакъуэкIэ къыщIыкIэлъыскIухьыжынур сыт?

**ДУДАР Хьэутий.**

● Интернетым дыкъыщоджэ

## И лъэIур хуащIащ

«Алиса в стране чудес» таурыхъ цIэрыIуэр зэхэзылъхьар Оксворд университетым математикэмкIэ щезыгъэджа Кэррол Льюисщ. Ар и лэжьыгъэм къыщыдэхуэхэм деж итхауэ щытащ щIэныгъэлIым.

Инджылызым и пащтыхь гуащэ Викторие а таурыхъым къеджа нэужь, хуабжьу игу ирихьащ икIи Кэррол и Iэдакъэ къыщIэкIа адрей тхылъхэр икIэщIыпIэкIэ къыхуахьыну унафэ ищIащ.

Пащтыхь гуащэм и лъэIур псынщIэ дыдэу хуагъэзэщIащ. Ауэ абы хуабжьу игъэщIэгъуащ Кэррол и адрей тхылъ псори математикэм теухуауэ къызэрыщIэкIар.

## Гугъу хэлъкъым

Профессор Швейцер Альберт щIэныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ доктор диссертацэу 3 пхигъэкIат. Абы и цIыхугъэ, щIэныгъэ гъуэгум техьагъащIэ щIалэ гуэр еупщIащ:

- Доктор лэжьыгъэу 3 пхыбгъэкIыныр дауэ пхузэфIэкIа?

- А псори Iуэху къызэрыгуэкIщ, - жиIащ Швейцер къызыфIимыгъэIуэхуу. - ЩIэныгъэхэмкIэ доктор ещанэу къыщIысфIащар тIу сиIэти аращ, етIуанэр щIыпхызгъэкIыфар щIэныгъэхэмкIэ доктор цIэр зесхьэти аращ, япэр къыщIэзлэжьар щIэныгъэ степень сиIэтэкъыми аращ.

**НУР Санэ.**

# Псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **1**. Къэнжал хьэку цIыкIу. **3**. ... зэхэдзэ нэхърэ акъыл зэхэдзэ. **6**. Зи ... вакъэ изылъхьэ псори къуажэ губгъуэм щызэхуэсащ. **7**. Танэ мэжэлIам и ... макъ Iуэм къиIукIащ. **8**. Бгыпэ лъагэ, щыхупIэ. **11**. А лIым ... налъэ тетыжыркъым. **13**. Лырышхэ псэущхьэ цIыкIу, дзыгъуэм и бий кIэуфIыцI. **14**. Мэш хьэуазэ. **15**. Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ, нобэрей ... **16**. Пхъащlэ Iэмэпсымэ. **17**. ... имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **20**. БалигъыпIэ иува щIалэм и ... кIуэгъуэщ. **22**. ... вы бжьакъуэм къокI. 23. ЩIыIэм иукI нартыжьхэр Сосрыкъуэ къыздришыжа щIыпIэ. **24**. Махъсымэ щащIкIэ халъхьэ пщагъэ. **25**. Фадэ гуащIэ.

*Къехыу:* **1**. Уэс жьгъей дыдэ. **2**. Ди республикэм щыIэ псыежэх. **4**. ИхъуреягъкIэ щымщ, зэхэпхыр псым и ... макъырщ. **5**. Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымылъ. **9**. Унагъуэ хадэхэм ирагъэувэ къуалэбзу гъащтэ. **10**. Языныкъуэ псэущхьэхэм яхищIэ хьэпIацIэ. **12**. Адыгэ цейм и зы Iыхьэ. **18**. ... пыIэ. **19**. Лъахъстэн вакъэ пIащIэ. **20**. Ди къэралым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ. **21**. Адыгэ композитор цIэрыIуэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***Мэлыжьыхьым и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Плъагъу. **3**. Еплъи. **6**. Хуэдэщ. **9**. Ныкъуэщ. **12**. Уигу. **14**. Анэм. **15**. ЩIэщIа. **16**. Пэж. **18**. ЩхьэкIэ. **21**. ЯдокIуэ. **24**. Къанщ. **25**. Ихуащ.

***Къехыу:*** **1**. Пшэ. **2**. Адэ. **4**. Псы. **5**. ИкIэ. **6**. Хуэфащэщ. **7**. Дегъэувэ. **8**. Щоу. **9**. Нэгу. **10**. Къундэпсо. **11**. Щохуарзэ. **13**. Ипэ. **16**. Псэ. **17**. Жея. **19**. Хьэкъ. **20**. КIэн. **22**. Деху. **23**. КIуащ.

# Урысейм и Кубокыр ди деж къыщонэж

**Бахъсэн къалэм и «Джэдыкъуэ Плъыжь» комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысейм и Кубокыр шыкIэ гъуэгуанэ кIыхь зэпычынымкIэ къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ ди къэралымрэ хамэ щIыпIэхэмрэ я шууеи 126-рэ. Зэхьэзэхуэр къыщызэIуахым щыIащ КъБР-м и IэтащхьэкIуэкIуэ Казбек, КъБР-м и МВД-м и унафэщI Крючков Вячеслав, КъБР-м и Правительствэм хэтхэмрэ щIыналъэ администрацэхэм я тхьэмадэхэмрэ.**

ЗЭПЕУЭХЭР ирагъэкIуэкIащ километру 20, 40, 80, 100, 120-рэ, 160-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэхэр зэпычынымкIэ. Абы щытекIуахэм иратащ медалхэр, щIыхь тхылъхэр, кубокхэр, ахъшэ саугъэтхэр. Псори зэхэту абы щагъэджэгуащ сом мелуан 1,3-рэ икIи зэпеуэм къыщыхэжанык Iахэм ар зэдагуэшащ.

Шууейхэм зэпача гъуэгуанэхэм я кIыхьагъым елъытауэ Урысейм и Кубокыр къахьащ Махуэ Ахьмэдрэ (КъБР, «Дамэ» шымкIэ, километри 160-рэ) Махуэ Мухьэмэдрэ (КъБР, «Наутилус» шымкIэ, километри 120-рэ).

Километри 120-м щызэпеуа ныбжьыщIэхэм ятекIуащ Гета Марианнэ (Мэзкуу къалэ, «Дизель» шымкIэ).

Километри 100 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр зэпычынымкIэ балигъхэм я деж бжьыпэр щиубыдащ Тимченкэ Иринэ (КъБР, «Аффект» шымкIэ). А гъуэгуанэ дыдэмкIэ Павловская Гретэ ныбжьыщIэхэм я деж япэ щыхъуащ (Ленинград область, «Вивьен Ли» шымкIэ).

Километр 80 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр зэпычынымкIэ балигъхэм ирагъэкIуэкIа къыздэжэм япэу къыщысащ Махуэ Ахьмэд, «Тайкъан» шым тесу, ныбжьыщIэхэм - Абазэ Софие (КъБР, «Рони» шымкIэ).

Бахъсэн къалэм и администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим «Ат Тарик» шымкIэ километр 40 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр зэпичащ икIи квалификацэ зачетыр къихьащ.

Зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ УФ-м Шы спортымкIэ и федерацэм, Бахъсэн къалэм и администрацэм, «Отрада» шы спорт клубым.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**




# ХьэщIэхуэфIхэр къурагъэкIуэт

**● Футбол**

**Аргудан, Бабугент, Псыгуэнсу жылэхэр хьэщIэхуэфIу къыщыщIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и еплIанэ джэгугъуэм. Ахэр бжыгъэшхуэ дыдэкIэ къахуеблэгъахэм къапикIуэтащ.**

МЫ гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм къыхыхьэжа «Бедик»-м пэщIэдзэ зэIущIэм щыфIахьами, адрей тIум щытекIуауэ ещанэ увыпIэр иIыгъ, «Тэрчыр» къыщыхуэкIуам. Дауи, аргудандэсхэр нэхъыбэжым щIэхъуэпсырт. Арщхьэк Iэ Джылахъстэнейм къикIахэри игъэгубжьат блэкIа джэгугъуэм зэрыщыфIахьами, Iуэхур псынщIэу ягъэзэкIуэжыну хуейт. ХьэщIэхэм я мурадыр нэхъ къайхъулIащ икIи хэгъэрейхэм я гъуэм топитху дагъэкIри, текIуэныгъэр яхьащ.

Нэхъыбэжк Iэ зыхуэкIуахэм яхуэупсащ Псыгуэнсу щыIа «Ислъэмеймрэ» Бабугент щыджэгуа «Нартанымрэ». Топихблы абыхэм бысымхэм трагуэшащ. Ауэ езыхэри жэуапыншэ хъуакъым.

Шэджэм, Налшык къалэхэмрэ Псынэдахэ къуажэмрэ апхуэдэу гуапэу хьэщIэхэм щаIущIакъым. Абыхэм къахуэкIуахэр IэнэщIу яутIыпщыжащ.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) - **2**:**1**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Малка**» (Малкэ) - **2**:**1**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Нартан**» (Нартан) - **3**:**7**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1**:**5**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **2**:**6**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **3**:**1**.

«**Искра**» (Алътуд) - «**Урыху**» (Урыху) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

Дызыхуэк Iуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Родник»** | **4** | **4** | **0** | **0** | **17-2** | **12** |
| **2. «Черкес»** | **4** | **3** | **1** | **0** | **10-3** | **10** |
| **3. «Спартак-Д»** | **4** | **2** | **2** | **0** | **12-8** | **8** |
| 4. «Нартан» | 4 | 2 | 1 | 1 | 16-14 | 7 |
| 5. «Искра» | 3 | 2 | 0 | 1 | 5-1 | 6 |
| 6. «Бедик» | 4 | 2 | 0 | 2 | 7-13 | 6 |
| 7. «Тэрч» | 3 | 2 | 0 | 1 | 10-3 | 6 |
| 8. «Шэрджэс» | 4 | 2 | 0 | 2 | 7-9 | 6 |
| 9. «Ислъэмей» | 4 | 2 | 0 | 2 | 13-10 | 6 |
| 10. «Псыгуэнсу» | 4 | 1 | 0 | 3 | 7-14 | 3 |
| 11. «Малка» | 4 | 1 | 0 | 3 | 7-9 | 3 |
| 12. «Акъбащ» | 4 | 0 | 1 | 3 | 6-15 | 1 |
| **13. «Урыху»** | **2** | **0** | **1** | **1** | **2-4** | **1** |
| **14. «Логоваз»** | **4** | **0** | **0** | **4** | **6-20** | **0** |



# Лъы хуэныкъуэхэм папщIэ

**Лъы тыным и махуэм теухуа Iуэху щхьэпэ щекIуэкIащ Налшык къалэм. Абы хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и IэнатIэхэм я лэжьакIуэ 80-м щIигъу икIи лъы литр 30-м нэблагъэ зыхрагъэшащ.**

ПОЛИЦЕЙХЭМ мы Iуэхур хабзэ яхуэхъуащ. Лъы ятын ипэкIэ ахэр медицинэ къэпщытэныгъэхэм пхыкIащ.

Полицэм и лэжьакIуэхэр ирохьэлIэ щытыкIэ гугъухэми, фIы дыдэу щыгъуазэщ лей зытехьам лъы щыфIэкIуэд къызэрыхъум. Сымаджэщым къыщыхутэнкIэ хъунущ икIэщIыпIэкIэ лъы хуэныкъуэ цIыху.

- Сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ иIэщ щытыкIэ гугъум къихутам зыщIэгъэкъуэным. Мыпхуэдэ Iуэхухэр егъэкIуэкIыным зы цIыху гъащIэкъым кърегъэлыфынур, - жаIэ полицэм и лэжьакIуэхэм.

**БАХЪСЭН Ланэ.**




# Жыджэру зеужь

**Псы есын спорт лIэужьыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъыфIу зыщеужь иужьрей илъэсхэм. Абы и щыхьэтщ республикэм зэхьэзэхуэхэр щIэх-щIэхыурэ щызэхашэ зэрыхъуари. ЖыпIэнурамэ, иджыблагъэ апхуэдэ зэIущIэшхуэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щрагъэкIуэкIащ икIи абы хэтащ псы есынымкIэ «Къуртимэс» спорт клубым и гъэсэнхэр.**

КЛУБЫМ и унафэщI, тренер-егъэджакIуэ Хьэжумар Iэмин къызэрыджиIамкIэ, зэпеуэхэм хэта цIыху 32-м ящыщу 21-м медаль зэхуэмыдэхэр абы къыщахьащ. ЕхъулIэныгъэфIхэр къагъэлъэгъуащ Олтинов Мухьэмэд, Сэкъал Темырлан, ВэрылI Инессэ, Романов Темыр, Чэт Елдар, Сэхъурокъуэ Имран, Ержыб Нэзар сымэ. Мы цIыкIухэр зыхэт гупхэм сыт щыгъуи щыпашэхэщ икIи зэхьэзэхуэхэм бжьыпэхэр щаубыд зэпытщ.

Мыдрейуэ, псы есынымкIэ секцэхэр иджыпсту щыIэщ Налшык, Нарткъалэ, Бахъсэн къалэхэм. Абыхэм ящыщу Нарткъалэ и «Къуртимэс» спорт клубыр илъэсрэ някъуэрэ хъуауэ мэлажьэ, нобэкIи сабийрэ ныбжьыщIэу 150-рэ йокIуалIэ. Клубым и хэщIапIэр Ерчэн Темболэт и цIэр зезыхьэ спорт комплексырщ.

Хьэжумар Iэмин къызэрыхигъэщамкIэ, нобэ зэрыщIадзэм хуэдэу я Iуэхухэр адэкIи екIуэкIыу щытмэ, шэч къытрихьэркъым зэман дызыхуэкIуэхэм абы и гъэсэнхэм ехъулIэныгъэшхуэхэр зэрызыIэрагъэхьэфынум, псы есынымкIэ лъага-пIэ нэхъ инхэри къызэращтэнум.

«Дэ куэд щIакъым дызэрызэхыхьэрэ, къытпэщылъри мащIэкъым. СлъэкI къэзгъэнэнукъым псы есын спорт лIэужьыгъуэм республикэм зыщезгъэужьын, сабий нэхъыбэ абы дезгъэхьэхын папщIэ. Тренерхэм къытпэщылъщ икIи ди къалэнщ къытщIэхъуэ щIэблэм гъуэгугъэлъагъуэ дахуэхъуну, абыхэм дадэIэпыкъуну, - жиIащ Хьэжумар Iэмин.

**НАУРЫЗЫКЪУЭ Ислъам.**

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур накъыгъэм и 6-рщ*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.437 Заказыр №929

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А